



Dènnye Nouvèl Imigrasyon sou Chanjman Resan nan Koze Imigrasyon Federal Konsènan Règleman sou “Public Charge”

Sitwayente

Nou bay asistans legal pou rezidan ki vle vin sitwayen kèkswa kote yo rete.

Pou anrejistre pou pwochen atelye ou pou chèche nenpòt lòt sèvis natiralizasyon, tanpri rele (718) 236-3000.

Samdi 7 Desanm 2019
LaGuardia Community College
31-10 Thomson Avenue
Long Island City, NY 11101

Sèvis adisyonèl

Pou Rezidan:

- Reyini Fanmi
- Azil ak Pwogram Imanitè
- Defans kont Depòtasyon

Pou Travayè:

- Vòlè Salè
- Kondisyon Danjere ak Aksidan Travay
- Diskriminasyon ak Arasman nan Travay
- Konje Fanmi ak Peye pou Maladi

Pwojè Dwa Travayè:
(877) 52-LABOR (52267)

Pou Lokatè:

- Reparasyon
- Rediksyon lwaye poutèt reparasyon pa fèt
- Kontra fini
- Defans kont Mete Deyò
- SCRIE/DRIE

Mwa pase Catholic Migration Services te fè kominote-a konnen yon chanjman potansyèl sou tès « Public Charge » ki ta gen efè sou ki moun ki ka antre Etazini ak ki moun ki ta ka jwenn kat rezidans.

Catholic Migration Services ta renmen enfòme kominote imigran sou yon gwo viktwa pou kominote imigran nou yo, 11 Oktòb 2019 yon Jij US District Court nan New York te sòti yon lòd nasyonal kont règleman Administrasyon Trump sou “Public Charge”. Sa vle di nouvo règleman sou “Public Charge” ki te pou konmanse 15 Oktòb 2019 bloke kounye-a. An plis sa vle di moun ki fè aplikasyon kounye-a pou kat rezidans ak fè aplikasyon pou fanmi yo pa afekte pa nouvo règleman sa pou kounye-a. Li prèske sèten batay legal la pral kontinye, men kounye-a règleman pou detèmine « Public Charge » nan Etazini pa chanje.

Catholic Migration Services va kontinye bay dènnye nouvèl pi devan sou nenpòt lòt chanjman. Tout moun ankourjae pou vizite sit entènèt nou pou chanjman pi devan, sesyon antrenman ak atelye nan www.catholicmigration.org.

Pou asistans gratis

Tout imigran ki ka aplike pou yon benefis imigrasyon pi devan bezwen chèche konsèy si resevwa benefis piblik ka gen efè sou abilitè pou yo aplike pou benefis sa pi devan. Pou asistans gratis, rele “New Americans Hotline” nan 1 (800) 566-7636 ant 9 è maten ak 5 è apre-midi, Lendi pou Vandredi.

Si w gen nenpot kesyon ou pwoblèm, tanpri rele biwo nou nan (718) 236-3000 soti 9:00 maten jous 5:00 apre midi, de Lendi a Vandredi.

Catholic Migration Services se yon ajans afilye Catholic Charities Brooklyn and Queens.

Brooklyn Office
191 Joralemon St., 4th Fl.
Brooklyn, NY 11201
(718) 236-3000

Queens Office
47-01 Queens Blvd., Ste. 203
Sunnyside, NY 11104
(347) 472-3500